# V-IX КЛАССЛАРДА ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ АЎЫЗЕКИ ҲӘМ ЖАЗБА СӨЙЛЕЎ ТИЛИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ИЛИМИЙ МЕТОДИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Қабулова Мехрибан Толыбаевна**

*ТАТУ Нөкис филиалы асситент-оқытыўшысы*

**Резюме:** *Статья посвящена развитию устной и письменной речи учащихся общеобразовательных школ, их взаимодействию друг с другом. В школах подробно рассматривается умение учеников использовать язык в нужном месте.*

**Summary:** *The article focuses on the development of students' spoken and written language in secondary schools, their interaction with each other. In schools, students' ability to use the language in the right place, speech and writing diaries are considered in detail.*

**Ключевые слова:** *урок, литература, развитие, обучение, методика, устная, письменная.*

**Keywords:** : *lesson, literature, development, teaching, methodology, oral, written.*

Улыўма орта билим беретуғын мектеплерде қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабақларында оқыўшылардың аўызеки ҳәм жазба сөйлеў мәдениятын раўажландырыў ең әҳмийетли методикалық мәселелердиң бири. Усы көз қарастан V-IX классларында әдебий материалларды оқытыў барысында оқыўшылардың аўызеки сөйлеў мәдениятын раўажландырыў өзине тән өзгешеликлери бар. Бул методикалық мәселе бойынша белгили методист алымлар  Қ.Йулдошев, Ә.Пахратдинов, Қ.Хусанбоева, К.А.Юсупов ҳәм басқалар тәрепинен илимий методикалық пикирлер билдирилди.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқытылатуғын қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабағын  оқытыў барысында оқыўшылардың аўызеки сөйлеў ҳәм жазба тилин раўажландырыў еки түрли мәселе емес, олар бир-бири менен байланысып избе-из үйренилип барылды. Солай етип, аўызеки сөйлеў тили ҳәм жазба тилдиң раўажланыўына тийкар салынды. Ҳәзирги заман мектеплеринде V-IX классларындағы оқыўшылардың аўызеки сөйлеў сөз мәдениятын раўажландырыў деген сөз. Бул олардың тилиндеги ҳәр қыйлы қолайсыз шубар сөйлесиўлер менен гүресиў ҳәм оларды әдебий, мәдений сөйлеўге үйретиў деген сөз.

Оқыўшылардың  жазба тилин раўажландырыў бойынша методикалық изертлеў жумыслары аз. Бул мәселеге байланыслы қарақалпақ әдебиятын

оқытыў методикасында бираз пикирлер айтылған. Усы көзқарастан айырым методистлердиң пикирлерин ҳәм методикалық қолланбаларын басшылыққа алып оқыўшылардың аўызеки сөйлеў ҳәм жазба тилин раўажландырыў бойынша методикалық корсетпелер беремиз

Оқыўшылардың жазба ҳәм аўызеки сөз мәдениятын раўажландырыў ушын қолланатуғын жумыс түрлери бар. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жазба жумыс түрлери кең қолланып киятыр. Солардан баян жумысы ҳәм еркин шығарма жумыслары өткерилип барылады. Оқыўшылар өз ойын дурыс айтып ҳәм саўатлы жазып бериўинде мектепте оқытылатуғын әдебият сабағының атқаратуғын хызмети үлкен. Онда сөзлик жумысы, текстиң мазмуны менен танысыў, образларға пикир билдириў, сораўларға жуўап бериў усаған мәселелер менен танысып барады.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқытылатуғын қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабақларында оқыўшылар көркем шығармалар менен танысып қоймастан, усы танысқан шығармаларын қалай өзлестирип алғанлығын баҳалаў мақсетинде жазба жумыслардың түрлери өткериледи. Бул жазба жумыслар класста ҳәм класстан тыс өз бетинше оқып үйренген көркем шығармасын қандай дәрежеде өзлестирип алғанлығын анықлайды. Оқыўшылар сабақ барысында көркем шығармалардың өзине тән белгилери менен танысып барады. Оқыўшылардың жас өзгешелигин есапқа ала отырып, халық аўызеки дөретпелериниң ең жақсы үлгилерин оқып үйрениўге көбирек орын берилген. Бул оқыўшылардың өз тәжрийбесинде сөзлерден орынлы қоллана билиўине пайдалы тәсирин тийгизеди. Қарақалпақ тили ҳәм әдебият пәнинен оқытыўшы оқыўшылардың сабақ барысында ҳәм класстан тыс өз бетинше оқып үйренген материалларын қандай дәрежеде өзлестиргенин анықлайды.

Улыўма орта билим бериў мектеплериниң V-VI классларында «Мениң сүйген қаҳарманым», «Денсаўлық – терең байлық», «Туўылған үлкем – мениң ўатаным», «Суў – тиришиликтиң тийкары», «Тәбият – бизиң достымыз», «Мийнет – түби рәҳәәт», «Ана тилим – руўхый байлығым», «Тилге ҳүрмет – елге ҳүрмет» деген темалар бойынша оқыўшылар еркин шығарма жазады. Шығарма жумысларын өткериўдиң методикасы бойынша пикирлер көпшилик методистлер тәрепинен айтылады. Шығарма жумысының темасы муғаллим тәрепинен үйренилип шығылады. Тәрбиялық әҳмийети бар оқып атырған класста өтилген әдебий материаллар таңлап алынады. VII-IX классларда өтилген әдебий материаллар бойынша төмендеги темаларды таңлап алыў мақсетке муўапық болады: «Фольклор – бул халықтың руўхый байлығы», «Нақыл-мақалларда адамгершилик қәсийетлердиң сүўретлениўи», «Ертеклер – халық турмысының айнасы»,

«Дәстанлар – бул халықтың тарийхы», ”Алпамыс” дәстанда дослық ҳәм адамгершлитиң сүўретлениўи», «Күнхожа шығармаларында әдиллик, туўылған ел темасы», «Әжинияз шайырдың лирикасында хаял-қызлар темасы» ҳәм тағы басқа темалар бериледи. Бул темаларды жазба жумыс ретинде пайдаланыў оқыўшылардың әдебиятқа болған қызығыўшылығын арттырады, олардың жазба сөйлеў мәдениятының раўажланыўына тийкар болады.

Жазба жумыс жазыў барысында оқыўшылардың алдында еки мәселе турады. Бириншиден, олардың шығарма жумысының мазмунына итибар қаратылады, екиншиден, шығарма жумысының саўатлығына дыққат бериледи. Ҳәрбир оқыўшы бул еки мәселеге мудамы кеўил бөлип, өз бетинше пикирлеў қәбилетин раўажландырып барады.

V-IX классларда әдебият сабақларында сөзлик дәптерлер менен ислесиў, көркем шығармалар бойынша түсинигин жазба түрде пикирлеў қәбилетин раўажландырыў ең әҳмийетли методикалық мәселелерден есапланады. Оқыўшылардың аўызеки ҳәм жазба жумыслардың тийкарғы түрлери бойынша ҳәрбир класстағы өзгешеликлерине тоқтап өтейик. Оқыўшылар қосықларды ҳәм прозалық шығармаларды көркемлеп оқып үйрениў, ертеклер менен гүрриңлердиң сюжетин ядтан айтып бериў, оқыған шығармаларының мазмуны бойынша өз бетинше жоба дүзип, олардың мазмунын жазыў, көркем шығармаларда көркемлеў қуралларынан пайдаланыў өзгешеликлерине итибар бериў, үйренилип атырған шығармаларға пикир билдириў, баян жазыў, оның қаҳарманы ҳаққында гүрриң етиў сыяқлы билим көнликпелерди ийелеп, өзлериниң аўызша ҳәм жазба сөз мәдениятын байытып ҳәм раўажландырып, тил байлығын жетилистирип барады.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде көркем ҳәм әдебий публицистикалық текстлерди даўыслап тез оқыў керек. Сондай-ақ көркем шығармаларды ҳәм олардан алынған үзиндилерди, ядланған текстлерди тәсирли оқыў керек. Булардан басқа оқыўшылар тәрепинен аўызша ҳәм жазба түрде билдирилген жеке өз пикириниң әпиўайы ҳәм қоспалы жобалары дүзилип барылады. Олар жазба сөз мәдниятын раўажландырыў мақсетинде эпикалық шығармалардан үзиндилерди, ядланған текстлерди жазба түрде баянлап бериўи, үйренилип атырған шығарма бойынша пикирди аўызша баянлаў, шығарма жазыў, дөретпелердеги жеке образларға минезлеме жаза алыўы керек.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылар өз бетинше оқыған әдебий шығарманы, көрген көркем кинофильм, сахналық шығарма, сүўрет, радио, теле еситириў ҳаққында қысқаша жазба түрде пикир айтыў,

илимий-публицистикалық ҳәм әдебий критикалық мақалалардан конспект алыў ямаса жоба дүзиў, керекли сәнелерден пайдаланылып, әдебий темаға баянлама ҳәм реферат таярлаў сыяқлы жумыс түрлерин әмелге асырып барады. Деген менен оқыўшылардың жазба сөйлеў мәдениятын раўажландырыўда сөзлик дәптерлердиң әҳмийети ҳаққында елеге шекем методикалық изертлеў жумысы болғаны жоқ. Сонлықтан қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабақларында сөзлик жумыслардың усылларына дыққат аўдарып өтемиз.

Оқыўшының сөз байлығын қанша раўажландырыў зәрүр болса, оқытыўшы бул мәселеге айрықша дыққатлы болыўы керек. Сол арқалы оқыўшы пикирин мәнили, түсиникли, көркем етип бере алады. Сонлықтан қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабағындағы баслы ўазыйпалар – бул оқыўшыны оқыўға қызықтырып оқытыў, билим бериў менен бирге, оның тилин, сөз байлығын раўажландырып барыў. Буның ушын олардың алдында мынадай ўазыйпалар турады: Бириншиден, қарақалпақ тили ҳәм әдебият сабақларында оқыўшылардың жас өзгешеликлери, билим ҳәм көнликпелер есапқа алынып, олардың сөз байлығын белгили дәрежеде талапқа жуўап берерликтей етип байытыў хәм пайдаланыў уқыбын раўажландырыў керек. Екиншиден, сабақларда өтилген әдебий материаллардың ишинен сөзлерди мәнисине сәйкес керекли орнында ғана қолланыў уқыбын хәр тәреплеме өсирип барыў тийис. Үшиншиден, бағдарламадағы берилген әдебий материаллар тийкарында әдебий сөйлеў тилимизге кирмейтуғын, бирақ оқыўшылардың тилинде ушырасып туратуғын мәниси жоқ сөзлерден пайдаланыўды қадаған етиў, әдебий тилде жазба сөйлеў мәдениятын раўажланыдырыўға дыққат аўдарыў керек.

V-IX класс оқыўшылары кино, театр, әдебий саяхатқа барып хәр қыйлы сөз мәдениятын раўажландырып барады. Оқыўшылар аўызеки сөйлеўде әдеп ойланып, оннан соң өз пикирин жуўмақлап айта билиўи керек. Шубаланқы сөзлер менен айтылған сөзлер тыңлаўшыны зериктирип жибереди. Демек оқыўшының сөз байлығы қанша раўажланған болса, ол сонша дәрежеде ойын мазмунлы, түсиникли, көркем етип айтып бере алады. Муғаллим алдындағы бас ўазыйпалардың бири оқыўшыны оқытыў менен бирге оның тилин ҳәм сөз байлығын да раўажландырып барыўы керек.

Күнделикли оқыў барысында методикалық талапқа жуўап берерликтей әдебий материаллар таярлап, сол арқалы ғана шынықтырыўдың базасында гөзлеген нәтийжеге ерисиў мүмкин. Бул ушын оқыўшылардың сөзлик, хәр бир сөз ҳәм сөздиң мәнисин өзлестириўи, қолланылыўы үстинде де үзиликсиз жағдайда жумыс ислеўи керек. Оқыўшының сөз байлығын

байытыў ушын оның санын көбейтиў дегенди аңлатпайды. Сөзди сапалық жақтан да өзлестириў керек болады. Оқыўшының сөзлигин сапалық жақтан өсириў ушын, оның сөзлер үстиндеги түсинигин кеңейтиў, образлы сөзлердиң мәнисин анықлаў, нақыл-мақаллар менен танысыў, өзлери пайдаланып жүрген сөзлеринде «Мийнеттиң көзин тапқан, бахыттың өзин табады», «Мийнет билсең - екинши анаң, жел тийгизбес болар панаң», «Бул бир қара мийнет болды», «Мийнетке зийнет» деген нақыл-мақалларды орынлы пайдаланыўы керек.

Сөзлерди таллағанда оқыўшы оның бир мәнисин ғана аңғарыўы мүмкин. Муғаллим хәрбир сөздиң мәнисин, қолланылатуғын орнын, сондай- ақ оқытыў материалында қандай да бир түсиниксиз сөз ушырасып қалса, оны сол ўақытта оқыўшыларға мәнилик жақтан анықлап, сол сөздиң синонимин таўып қолланып барыўы керек. Оқыўшы сөзди қабыл етиўине мүмкиншиликлер туўдырыў арқалы ғана түсиндирип барыўы лазым. Оқыған текст оқыўшыға түсиниксиз болмаўы тийис. Сөздиң мәнисин түсинбеген оқыўшы оқып атырған текстине түсинбейди, егер тестке түсинбесе, ол үстинде сапалы жумыс ислеў мүмкин емес. Сөз байлығы аз оқыўшылар әдетте, өзлерине белгили ғана сөзлерден пайдаланыў арқалы қатнас жасап, муғаллимниң берген сораўларына жуўап берип, «дейди», «деген», «айтты», усаған фейиллерди көбирек қолланады. Сөз байлығы жетпей қыйналады, иркилиске мәжбүр болады. Негизи оқыўшыдан мазмунлы сөйлеў талап етиледи. Оқыўшы сөз байлығын китап, газета-журналлар оқыў, радио тыңлаў, телевизор көриў, жолдаслары менен қатнас жасаў арқалы ғана раўажландырып барады. Ал, жазыў мәселесинде жазатуғын адам өзине керекли сөзлерди ойланып орынлы пайдаланады. Хәттеки бир сөзди қайталана бермеўлиги ушын синоним сөзлерди таўып өзгертип, ықшамлы етип жазыўы мүмкин. Хәр бир оқыўшы жазба сөз мәдениятына ийе болыўы керек. Мектептеги оқыўшылардың сөз мәдениятын раўажландырыў мәселелери бул дидактикалық характер ийелейди. Оқыўшы жазба жумысты орынлаған ўақытларында өз пикирлерин хатқа салыў ушын сөз таңлайды. Пикирлерин избе-из, сулыў, көркем етип баянлаў үстинде жумыс ислейди. Олар өзлерин-өзлери шынықтырады. Бунның ең әхмийетли тәрепи онда тек сөз мәдениятын өсириўден тысқары оқыўшыда саўатлылық та жетилисип барады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

2. Лилов А. Коммуникативная функция литературы и искусства // В книге «Теории, школы, концепции». Художественная коммуникация и семиотика. Москва: Наука., 1986.

3. Костава М. Г. Филологический комментарий художественной прозы как средство развития устной речи учащихся: Дис. .канд. пед.наук. М., 1989. 28 с.

4. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Адабиёт ўқитиш методикаси. (дарслик) – Ташкент., Баркамал файз мадиа., 2018., – 352 б.

5. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.

6. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2018. – 5 б.т. – 80 б.

7. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.

8. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.

9. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.

10. Yusupov K.A. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.

11. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.

12. Yusupov K.A. Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.

13. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.

14. Юсупов К.А. Халмурат Сапаров дөретиўшилик жолы. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1996. 3-4-саны, 54-60.

15. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын үйрениў усыллары. «Қарақалпақстан муғаллими» журналы, Нөкис, 1996. 1-2-саны, 12-15.

16. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 2-саны, 94-96

17. Юсупов К.А. (авторлар менен бирге) Оқыўшыларымыз пикир айтады. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 3-саны.

18. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 6-саны, 112-115.

19. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир ҳәм Бердақ шайыр мийрасына көз қарас. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2001. 2-саны, 126-128.

20. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образы. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 5-саны, 130-131.

21. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образының өзгешеликлери. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 6-саны, 138-139.

22. Юсупов К.А. «Шырашылар» романының көркем психологизми. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2006. 6-саны, 112-115.

23. Юсупов К.А. XX әсирдеги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселелери. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2007, 4-саны, 11-15.

24. Юсупов К.А. Ишки монолог ҳәм шеберлик. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 1-саны, 113-116.

25. Юсупов К.А. Лирикалық прозада көркем психологизм. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 2-саны, 124-127.

26. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигин үйрениў методикасы. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-санлар, 126-129.

27. Юсупов К.А. И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» шығармасының мазмунын үйрениў. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-саны, 46-49.

28. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын интерактив методлар менен оқытыў усыллары. ҚМУ хабаршысы, 2011, 1-2-саны, 58-60.

29. Юсупов К.А. Қарақалпақ лирикасын изертлеўши алымның дөретиўшилигин үйрениў. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2012, 1-саны, 3-8.

30. Юсупов К.А. «Академиялық лицейлерде И.Юсупов дөретиўшилигин лекция түрлери менен үйрениў усыллары». ҚМУ хабаршысы, 2012, 3-4-санлар, 30-32.

31. Юсупов К.А. Жазыўшылар дөретиўшилигин үйрениў усыллары. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2012. 4-саны, 115-118.

32. Юсупов К.А. Қонысбай Камалов-қарақалпақ прозасын изертлеўши алым. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 1-саны, 82-91.

33. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 6-саны, 123-128.

34. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.

35. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.

36. Юсупов Қ. Оразбай Сәтбаев поэзиясының көркемлик өзгешеликлери. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2015, 77-87.

37. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.

38. Юсупов К.А. Повыщение интереса учащихся к литературе на основе анализа художественных произведений. «Наука и Общество» журнал, №2 2018, стр.32-34.

39. Юсупов К.А. Изучение внеаудиторных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях «Наука и Общество» журнал, №3 2018, стр.36-38.

40. Юсупов К.А. Әбдимурат Атажановтың дөретиўшилик устаханасы. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2018, 68-75.

41. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 1-2019. 83-85.

42. Юсупов Қ. Толыбай Қабулов дөретиўшилигин үйрениў. Әмиўдәрья , №3, 2019, 55-64.

43. Юсупов К.А. Конысбай Камалов дөретиўшилигин үйрениўдиң гейпара мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. Нукус, 2019. №4.

44. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде драмалық шығармаларды интерактив технологиялар менен оқытыў // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нөкис, 2019. – №6/1. – Б. 4-8 (13.00.00. №20).

45. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қабуловтың өмири ҳәм лирикасын үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. НДПИ журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 106-110

46. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181

47. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (https://www.scopus.com /sourceid / 21100920227.).

48. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигин оқытыў методикасы // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №2. – Б. 100-103 (13.00.00. №3).

49. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).

50. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).

51. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Ө.Хожаниязов дөретиўшилигин үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. НДПИ журнали. Нукус, 2020. №1. – Б. 32-35.

52. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде прозалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №3. – Б. 304

53. Юсупов К.А. Изучение художественных произведений в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №3. – стр. 78-80 (13.00.00. №8).

54. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492,

55. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699.

56. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53

57. Yusupov K.A., Seytjanov J.E. Problems of artistic psychologism in Karakalpak prose. Philosophical Readings XIII.4 (2021), pp.2054-2060.2054 10.5281/zenodo.5584439.

58. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. .

59. Юсупов К.А. К.Алламбергенов. Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2021. – №4. – Б. 100-102. (13.00.00. №3)

60. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. Әмиўдәрья, 2021, №4, Б. 63.

61. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).

62. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18.

63. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University. Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590

64. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30. ISSN: 7152-7159

65. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.

66. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.

67. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. May, (2022). PP. – 210-216.

68. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

69. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы . // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.

70. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoģci. **(Impact Factor: 9.2).** Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.

71. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. // V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1 (том 1), 30 август, 2022. – Стр. 44-50.

72. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53. ISSN: 2720-6882.

73. Yusupov K.A., Jiemuratova A.S. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September - 2022. Page – 56-66. ISSN: 2720-6882.

74. Yusupov K.A. Problems of Teaching Korakalpok literature // Central asian journal of literature, philosophy and culture. Vol. 03 lssue: 10 - 2022. Page – 75-85.

75. Yusupov K.A. Ádebiyat sabaqlarında interaktiv texnologiyalar. //Международный научно-образовательный журнал «Новости образование: Исследование в XXI веке». Выпуск №6 (100), январь, 2023. – Стр. 38-46.

76. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда кластер методини қўллаш. «Педагог кадрлар малакасини ошириш ва уларни қайта тайёрлашнинг замонавий шаклларини жорий этиш муаммолари», (Илмий –амалий конференцияси материаллари), Тошкент , 2009. 284-285.

77. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда бурчаклар методи билан ўрганиш. «Олий ва касб-ҳунар таълими тизимида профессор-ўқитувчиларнинг малакасини ошириш жараёнини такомиллаштириш муаммолари», (Илмий –амалий семинар материаллари), Бухоро, 14-15-май, 2009. 133-136.

78. Юсупов Қ. Көркем шығармалардың мазмунын үйрениў методикасы. Миллий идентивлик ва оммавий ахборот воситалари. (Илмий мақолалар тўплами), Т. : «Юрист –медиа маркази», 2009. 48-51.

79. Юсупов Қ. И.Юсупов поэзиясын оқытыў усыллары. «НМПИ илим билимлендириў ҳәм тәрбия мәселелерин раўажландырыўдағы орны», (Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары), Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010, 185-187.

80. Юсупов К.А. Әдебияттаныў илиминиң жан күйери еди... Илим ҳәм әдебияттың машақатлы жолларында. (илимий-әдебий ҳәм еске түсириўлер), Нөкис, 2012, 70-73.

81. Юсупов К.А. «Т.Қайыпбергеновтиң «Қарақалпақ қызы» романында пейзаж ҳәм қахарман образы». Ҳәзирги филология илимлериниң әҳмийетли мәселелери. (Республикалық илимий-теориялық конференциясы мақалалар топламы, 1-бөлим), 2013жылы, 76-80.

82. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. « Әдебиятшы - алым ҳәм устаз » ҚМУ, Нөкис , 2014, 125-133.

83. Юсупов К.А. Әжинияз шайырдың лирикасын оқытыўда интерактив методлардың қолланылыўы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.

84. Юсупов К.А. Т.Қайыпбергеновтың «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестинде қаҳарман образын жасаў усылы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.

85. Юсупов Қ.А. Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергеновтың прозалық шығармаларын оқытыў усыллары. «Ҳәзирги филологиясының әҳмийетли мәселелери» атамасындағы республикалық илимий конференция материаллары топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2019, – Б. 50-52.